ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№109 (24.391) ● 2022 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 13, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ

## Адыгейм и Іэтащхьэ КъумпІыл Мурат и къулыкъум зэрыпэрыхьамкІэ КІуэкІуэ Казбек йохъуэхъу

**Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэу фокІадэм и 11-м хахыжа КъумпІыл Мурат лъэпкъым и къэкІуэнум зэрыхуэлэжьэнумкІэ псалъэ быдэхэр итащ. КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек абы ехъуэхъуащ и къулыкъум зэрыпэрыхьамкІэ. «УФ-м и Президент Путин Владимиррэ республикэм и Къэрал Советым и депутатхэмрэ къуагъэза дзыхь лъагэр, Адыгейм и цІыхубэм къыпхуаІэ гугъэхэр бгъэпэжыну сынохъуэхъу», - щыжеІэ хъуэхъу тхыгъэм.**

«ЛЪЭПКЪЫМ, къыщалъхуа щІыналъэм хуэпэж, лъагъуныгъэшхуэ яхузиІэ, абы и лъэныкъуэкІэ зи гъащІэ гъуэгуанэр щапхъэу щыт цІыхур нобэрей зэман гугъум Адыгейм и унафэщІу зэрагъэувам мыхьэнэшхуэ иІэщ. Шэч къытесхьэркъым и щІэныгъэ куур, лэжьыгъэ и пІалъэ зэрызригъэгъуэтам, нэхъыщхьэращи - Хэкумрэ республикэмрэ хуэфащэ къулыкъу яхуищІэну хъуэпсапІэ зэриІэм КъумпІыл Мурат жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ икІи мыхьэнэшхуэ зиІэ къалэныр ехъулІэныгъэкІэ ирихьэкІынымкІэ Іэмал къызэрыратынум. Абы и лъабжьэ быдэр гъэтІылъа хъуащ блэкІа илъэсхэм. Иджы нобэ Адыгейм щекІуэкІ гъащІэм и унэтІыныгъэ псоми зэхъуэкІыныгъэфІхэр игъуэтащ. Илъэс къэскІэ абы и къалэхэм, къуажэхэм я теплъэр къощІэращІэ икІи йофІакІуэ, социальнэ, транспорт инфраструктурэм зеужь. Ахэр псори я фІыгъэщ республикэм щыпсэухэм я лэжьыгъэ хъерыфІэм, абы и унафэщІым егупсысауэ, зэпилъытауэ иригъэкІуэкІ политикэм», - къыхигъэщащ КІуэкІуэ Казбек.

КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Адыгеймрэ щыпсэу лъэпкъхэр лІэщІыгъуэ куэдым къызэпхраха зэпыщІэныгъэкІэ зэрызэпхар: «Ди нэхъыжьхэм къытхуагъэна зэкъуэшыгъэ зэхущытыкІэхэр пщІэ яхуэтщІу тхъумэнущ икІи абыхэм адэкІи къыпытщэнущ. Дэ зэгъусэу дыщопсэу икІи зыщыдоужь лъэпкъ зэмылІэужьыгъуэ куэд зы унагъуэм хуэдэу къыщызэдекІуэкІ къэралышхуэм икІи дахэм. Урысей псом, ди республикэхэм я къэкІуэну дахэм хуэунэтІауэ зыхуэдгъэувыжа мурадхэри Іэмал имыІэу зэгъусэу зэдгъэхъулІэнущ.

Сигуми си псэми къыбгъэдэкІыу КъумпІыл Мурат иджыри зэ сохъуэхъу и къулыкъум зэрыпэрыувамкІэ, си гуапэщ жэуаплыныгъэшхуэ зыпылъ ІэнатІэм ехъулІэныгъэхэр щиІэну, Адыгейм и цІыхубэр зэІузэпэщыныгъэ, фІыгъуэ, зыужьыныгъэ я куэду псэуну».



## Зэманым екІуу зеужь

### УФ-м и Президент Путин Владимир и хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 зэрырикъумкІэ си гуапэу сынывохъуэхъу.

Республикэр къызэрызэрагъэпэщар урысей къэралыгъуэр гъэбыдэнымкІэ, Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэ нэхъ дахэ дыдэхэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я къэкІуэнум дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ лъэхъэнэ хъуащ. Фэ фхуэфащэу фригушхуэ хъунущ Хэкум и хахуагъэ, лэжьыгъэ гъуэгуанэм лъэужь гъуэзэджэхэр къыхэзына, щІэныгъэм, гъуазджэм, егъэджэныгъэм зэфІэкІышхуэ хэзылъхьа фи лъахэгъухэм я щІэблэ куэдым я цІэмрэ я зэфІэкІхэмрэ.

Гуапэщ фи тхыдэ, гурыщІэ, щэнхабзэ хъугъуэфІыгъуэхэр фыхуэсакъыу зэрыфхъумэр, нэхъыжьхэм я хабзэм щІалэгъуалэр щыгъуазэ зэрыфщІыр. Нобэ республикэм зэфІэкІышхуэ бгъэдэлъщ мэкъумэш, производствэ ІэнатІэхэм, туризмэм зегъэужьынымкІэ. Инвестицэхэр къызэщІэгъэуІуэнымкІэ Іэмал тэмэмхэр зэтрагъэувэ, социальнэ ІэнатІэм проект инхэр щагъэзащІэ, транспортым и инфраструктурэм зрагъэужь.

Къэбэрдей-Балъкъэрым, зэрыщыту Урысей псом я сэбэп зыхэлъ, мыхьэнэшхуэ зиІэ икІи зэманым къигъэув къалэнхэм езэгъ лэжьыгъэхэм фехъулІэну си гуапэщ. ЕфІэкІуэныгъэ фиІэну, фІыуэ щыІэм я нэхъыфІхэр къывэхъулІэну сынывохъуэхъу.

## Зэкъуэтыныгъэр я гъуазэу

### УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Чайкэ Юрий КъБР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур щагъэлъапІэм ирихьэлІэу къигъэхьа хъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

ЮбилеймкІэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъумкІэ - си гуапэу сынывохъуэхъу!

Лъэпкъ куэд щыпсэу щІыналъэм исхэм гъуэгуанэ кІыхь, тхыдэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхухэмкіэ гъэнщІа гъуэгуанэ къакІуащ къэралыгъуэр зэтегъэувэным, зэкъуэтыныгъэмрэ зэакъылэгъуныгъэмрэ гъэбыдэным, къэкІуэну щІэблэхэм псэукІэ тэмэм къахузэгъэпэщыным хуэунэтІауэ.



Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэхъыжьхэм къыхуагъэна фІыгъуэхэм иропагэ икІи тегушхуауэ къэкІуэнум хуоплъэ. Республикэм и экономикэм, социальнэ ІэнатІэм, щэнхабзэм, спорт гъащІэм зэхъуэкІыныгъэ хъарзынэхэр щокІуэкІ. Инвестицэ, инфраструктурэ проектхэр ягъэзащІэ, лэжьапІэ ІэнатІэщІэхэр къызэрагъэпэщ.

ЩІыналъэм дяпэкІи зиужьынымкІэ хэкІыпІэ нэхъыщхьэр туризмэрщ. Я гур гъэтІылъауэ загъэпсэхун папщІэ къакІуэхэр, мы щІыпІэм и курортхэм къытезыгъэзэжхэр гъэ къэс нэхъыбэ хъу зэпытщ.

Нобэрей махуэшхуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэм, абыхэм я хьэщІэхэм узыншагъэ, мамырыгъэ, фІыгъуэ яІэну, ди Хэку иным зегъэужьыным хуэгъэзауэ зэщІыгъуу ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм ехъулІэныгъэщІэхэр къыщахьыну сохъуэхъу!

## Урысейм и Президент Путин Владимир Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 зэрырикъумкІэ къызэрехъуэхъуам папщІэ КІуэкІуэ Казбек фІыщІэ хуищІащ

**Ди республикэм лъэпкъ куэду зэхэт и цІыхубэм я цІэкІэ ди Президент Путин Владимир фІыщІэ ин хуэсщІыну сыхуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъумкІэ гуапэу къызэрыдэхъуэхъуам папщІэ.**



ВЛАДИМИР Владимир и къуэм ди республикэм исхэм зэрызыкъахуигъэзам ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и ехъулІэныгъэхэм пщІэшхуэ къазэрыхуищІам а зыужьыныгъэхэр щІэгъэхуабжьэнымкІэ щІыналъэр къызэрызэщІиІэтэнур, республикэр, зэрыщыту Урысейр ефІэкІуэнымкІэ ди цІыхубэр зыужьыныгъэщІэхэм зэрытригъэгушхуэнур быдэу си фІэщ мэхъу.

Си лъахэгъу лъапІэхэ! Мы махуэхэм дэ догъэлъапІэ Урысейм хэт лъэпкъ субъектым и статус лъагэр илъэси 100 япэкІэ зыгъуэта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и лІэщІыгъуэ юбилейр.

Дегугъуу зызыхуэдгъэхьэзыра а махуэм дэ Іуэху пыухыкІахэмкІэ дыІущІащ. Президентым къызэригъэлъэгъуащи, дэ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэ псори зыхуэунэтІа мурад нэхъыщхьэр цІыхухэм я гъащІэр нэхъыфІ тщІынырщ. А къалэным дэ дохъулІэ лъэпкъ проектхэр зэрыпхыдгъэкІым, сабий зиІэ унагъуэхэм я пащхьэ къыщытщта социальнэ къалэнхэр зэрыдгъэзащІэм, кризисыр къызэнэкІынымкІэ къэралым и унафэщІхэм яубзыху Іуэхухэм я фІыгъэкІэ. Мыбдеж дэ тхузэфІэкІ къэдгъанэркъым лэжьыгъэхэр жыджэру, зэкІэлъыкІуэу, сэбэпынагъ пылъу икІи цІыхухэм фІыкІэ зыхащІэу къызэдгъэпэщын папщІэ.

Иужьрей илъэсищым къриубыдэу дыухуащ икІи доухуэ, зэдгъэпэщыжащ икІи зыдогъэпэщыж мыхьэнэшхуэ зиІэ ІуэхущІапІэу щэ бжыгъэхэр. Абыхэм хеубыдэ социальнэ ІуэхущІапІэхэр, инфраструктурэр, гъуэгухэр. Дэ зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм папщІэ зыхуеину псори къызэдгъэпэщыфащ икІи абы папщІэ, нэхъ япэкІэ сабий садхэр здэщымыІа къуажэ пхыдзахэри яхэту, апхуэдэ сабий ІуэхущІапІэу пщІы бжыгъэхэр щыдухуащ. Иджыпсту школыщІэу 10 ящІ, дызыхуэкІуэ илъэсым аргуэру школи 8 кърагъэжьэнущ. А псоми я фІыгъэкІэ ди курыт еджапІэ псоми зы сменэкІэ лажьэу щІадзэнущ. ИлъэсипщІ бжыгъэкІэ Іэ зэмыІуса къуажэ еджапІэу пщІы бжыгъэхэр къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыж. ИлъэситІым къриубыдэу школ 60 зыхуей псомкІи къызэдгъэпэщыну ди мурадщ. 2026 гъэм ирихьэлІэу псори зэхэту курыт еджапІэу 176-рэ къагъэщІэрэщІэжынущ.

Программэ, проект зэмылІэужьыгъуэу куэдым дыхыхьэри, дэ цІыхухэр псы къабзэкІэ къызэгъэпэщыным икІи псы фІейхэр зэрыщІаш системэхэр къагъэщІэрэщІэжыным хуэгъэза лэжьыгъэхэр едгъэжьащ. Абыхэм муниципальнэ ІуэхущІапІэ мыинхэри, Бахъсэн, Дзэлыкъуэ псы жапІэхэм, Іуащхьэмахуэ районым и коллекторым хуэдэ проект инхэри яхэтщ. Мы Іуэхур дэ къытегъазэ щымыІэу зэфІэдгъэкІыну ди мурадщ.

Узыншагъэр хъумэнымкІэ системэм и пэублэ ІэнатІэр къызэрагъэщІэрэщІэжам и фІыгъэкІэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ цІыхухэм зэрыратыр ефІэкІуащ, иджырей медицинэ ІэмэпсымэхэмкІэ ІуэхущІапІэу пщІы бжыгъэхэр къызэрагъэпэщащ. Дэ ди мурадщ 2025 гъэм нэсыху дохутыр амбулаторэхэр Октябрьскэ, Жэмтхьэлэ, Белэ Речкэ, Кэнжэ, Звёзднэ, Шэрэдж Ищхъэрэ, Къубэ-Тэбэ, Красносельскэ, Светловодскэ, Дей къуажэхэм дэтщІыхьыну. Къуажэу 10-м я амбулаторэхэр къызыхуэтыншэу зэдгъэпэщыжынущ. «Узыншагъэр хъумэныр» лъэпкъ проектым хагъэхьэри яухуэу щІадзащ онкологие диспансерыр, Эльбрус посёлкэм и участкэ сымаджэщыр, Налшык и поликлиникэщІэр. Мы гъэм къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжын духынущ республикэ сабий клиникэ сымаджэщымрэ Налшык и сабий поликлиникэмрэ.

Республикэ бюджетым и хьэкъкІэ сом мелуани 180-м щегъэжьауэ сом мелуан 600-м нэскІэ нэхъыбэ тщІащ льготэ зиІэ цІыхухэр хущхъуэкІэ къызэгъэпэщыным трагъэкІуадэ ахъшэр. А лэжьыгъэр дяпэкІи зэпымыууэ щІэдгъэхуэбжьэнущ.

Экономикэм зегъэужьынымкІэ Іуэху нэхъыщхьэхэм зэращыщым къыхэкІыу, гъуэгухэр щІынымрэ псэупІэхэр ухуэнымрэ адэкІи пыдощэ. Инвестицэхэр къызэрагъэсэбэпым и мызакъуэу, абыхэм я фІыгъэкІэ лэжьапІэ ІэнатІэхэри къызэІуах. Иужьрей илъэсищым къриубыдэу Налшык и закъуэ гъуэгуу километр 50-м щІигъу щызэрагъэпэщыжащ, абыхэм нэмыщІ муниципалитетхэм - къуажэхэм, къалэ мыинхэм я гъуэгухэри зыхуей хуагъэзащ. КъагъэщІэрэщІэжауэ къызэІуахыж уэрам нэхъыщхьэхэм ди къалащхьэм и теплъэр зэрагъэдэхам къыдэкІуэу, цІыхухэм я псэукІэр нэхъ тынш, нэхъ шынагъуэншэ ящІ. Гъуэгухэр зэгъэпэщыжыным е щІэуэ ухуэным фІэкІыпІэ имыІэу хеубыдэ ахэр гъэнэхунри - ар шынагъуэншагъэм и Іыхьэщ. «Кавказ» федеральнэ автомобиль гъуэгум транспортыр сатыриплІу щыземыкІуэ щІыпІэ куэд иІэжкъым. Абы ипкъ иткІэ гъуэгум къыщыхъу фэбжьхэми якІэрыхуащ.

АдэкІэ сыт? ЩІалэгъуалэ инфраструктурэ къызэгъэпэщыным бгъэдыхьэкІэщІэ къыхуагъуэтащ, къуажэхэмрэ къалэхэмрэ иджырей щэнхабзэ ІуэхущІапІэхэр, спорт ухуэныгъэхэр щыІэщ. Абыхэм ящыщщ библиотекэхэр, щэнхабзэ унэхэр, гъуазджэмкІэ сабий школхэмрэ сабий театрхэмрэ. Апхуэдэу куэд хъуащ футбол джэгупІэхэр, пщІантІэхэмрэ паркхэмрэ я спорт утыкухэр, школхэм я спорт залхэр, узыншагъэр щрагъэфІакІуэ физкультурэ комплексу зыгъэпсыкІыпІэхэр зыхэтхэр, бэнакІуэхэм зыщагъасэ утыкухэр. Зэраухуэм къыщымынэу, ахэр зыхуей псомкІи къызэрагъэпэщ. Налшык щэнхабзэ центр, лъэрыжэкІэ къыщажыхьын ІуэхущІапІэ, пятиборьем хиубыдэ спорт лІэужьыгъуэхэм зыщыхуагъасэ комплекс, щІалэгъуалэм я творчествэмкІэ унэ щыдощІри, иджырей ди щІэблэм я зэфІэкІыр щагъэлъэгъуэн ягъуэтынущ.

Иджыпсту тхузэфІэкІ а лэжьыгъэ псомкІи фІыщІэр зыбгъэдэлъыр ди цІыхухэрщ: егъэджакІуэхэрщ, дохутырхэрщ, мэкъумэш хозяйствэмрэ промышленностымрэ я лэжьакІуэхэрщ, ухуакІуэхэрщ, гъуэгу лэжьакІуэхэрщ, инженерхэмрэ технологхэмрэщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр зэкъуэтыр илъэси 100 зэрырикъум дызэгъусэу зыхуэдгъэхьэзыращ - апхуэдэ зэкъуэтыныгъэрщ ди ехъулІэныгъэ инхэм я лъабжьэр. СигукІи си псэкІи фІыщІэ хузощІ ди республикэр нэхъри егъэфІэкІуэным, ар нэхъ екІу, нэхъ дахэ щІыным зи къарур езыхьэлІа дэтхэнэ зыми. Берчэт бесын, нывжызоІэ!

Дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрыр адэкІи ефІэкІуэну сохъуахъуэ!

**КІУЭКІУЭ Казбек,**
*Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ.*

## Іэтащхьэхэм я зэІущІэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ щІыналъэм щыхьэщІэ, Абхъаз Республикэм и лІыщхьэ Бжание Аслъэнрэ пэІудзауэ зэІущІащ.**

КЪУЩХЬЭЩІЫБ абазэ хьэщІэхэм я къэкІуэныр Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 щрикъум ирырагъэхьэлІат. ЛІыкІуэ гупым хэтащ Абхъаз Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ Нанбэ Жансэхъу, щэнхабзэмкІэ и министр Кове Эдуард, Лъэпкъ Зэхуэсым - Парламентым и депутат Лакербай Леонид сымэ.

ХьэщІэхэр ирагъэблэгъащ КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщІ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщІым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуІэед, КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис, КъБР-м лъэпкъ Іуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкІэ и министр КІурашын Анзор сымэ.

ЛъэныкъуитІри гуапэу зэщІэупщІа нэужь, Абхъаз Республикэм и Іэтащхьэ Бжание Аслъэн щІыналъэ тхьэмадэм махуэщІымкІэ ехъуэхъуащ. «Ди хэгъэгухэм я зэхуаку дэлъ зэпыщІэныгъэм и къуэпсхэр жыжьэ къыщожьэ. Дэ дызэгъунэгъу къудейкъым, дэ дызэшщ, бзэкІи, щэнхабзэкІи, дуней лъагъукІэкІи дызэпхащ. Абхъаз Республикэри Къэбэрдей-Балъкъэрри гъащІэм куэдкІэ щызэпыщІауэ, жылагъуэ-экономикэ, егъэджэныгъэ, щІэныгъэ я лъэныкъуэкІэ зэлъэІэсу щытщ. Къапщтэмэ, ди зэхущытыкІэхэм зэрызедгъэубгъун икІи зэредгъэфІэкІуэн лъабжьэ быдэ диІэщ. Къуэш щІыналъэр йофІакІуэ, и псэуныгъэм зеужьри, ехъулІэныгъэфІхэмкІэ къыхэщу, я цІыхухэр зэгурыІуэрэ я зэхуакум мамырыгъэр щытепщэу, къыхалъхьэ унафэхэм щыІэныгъэр зэІузэпэщ ящІу илъэси 100-м зэрыхуэкІуам хуэдэу, дяпэкІи а гъуэгум темыкІыу щыІэну си гуапэщ», - жиІащ Бжание Аслъэн.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек хьэщІэхэм фІыщІэ яхуищІащ, щІыналъэм и махуэшхуэм къызэрырихьэлІам папщІэ икІи гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм хэтыныр игъуэу къалъытэу къызэрыкІуам зэращыгуфІыкІыр къыхигъэщащ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

## Нобэрей мардэхэм тету



**Лениным, Кулиевым, ЩоджэнцІыкІум я цІэхэр зезыхьэ уэрамхэм я автомобиль зекІуапІэхэр къызэІуахыжащ.**

ГУФІЭГЪУЭ щІыкІэм тету ирагъэкІуэкІа а Іуэхум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и УнафэщІ **Егоровэ Татьянэ**, республикэм и Правительствэм и УнафэщІ **Мусуков Алий**, КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и тхьэмадэ **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд**, ди хэгъэгум и цІэкІэ УФ-м и сенатор **Ульбашев Мухьэрбий**, КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министр **ДыщэкІ Аслъэн** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ къабгъэдэкІыу гъуэгуухуэхэм щІыхь тхылъхэр иратащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъуэгуухуэхэм лэжьыгъэшхуэ зэфІагъэкІащ. Автомобиль зекІуапІэхэм асфальтыщІэ тралъхьащ, къегъэщІылІа Іэгъуэблагъэм псыр, газыр зрикІуэ бжьамийхэр щызэрахъуэкІащ, лъэс зэпрыкІыпІэхэм, нэхъапэхэм здыщыпымылъа щІыпІэхэри яхэту, светофорыщІэхэр щыпадзащ. Уэрамхэр къэзыгъэнэху уэздыгъэхэр зэрахъуэкІащ, абыхэм екІуалІэ кІапсэхэр щІы щІагъкІэ яукъуэдиящ.

Лъэс зекІуапІэхэм плиткэщІэхэр щралъхьащ, дунейм и псыІэгъуэм умыцІэнтхъуэн хуэдэу ягъэбыдащ, ябгъухэм мыгъуэлэжрэ щхъуантІэу гъэм и кІыхьагъкІэ щыт удзхэр щыхасащ. Лэжьыгъэ псори иджырей мардэхэм тету ирагъэкІуэкІащ.

## ХьэщІэхэр куэду къырагъэблэгъат

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и илъэси 100-р щагъэлъапІэ махуэхэм Налшык щыІащ Санкт-Петербург и Хабзэубзыху Зэхуэсым и лІыкІуэхэр. Гупым я пашэт Санкт-Петербург и Парламентым и УнафэщІ Бельский Александр. Абы щІыгъут и къуэдзэ, депутат Шишкинэ Маринэ, депутат Гарнец Валерий, къалэм и Хабзэубзыху Зэхуэсым и Аппаратым зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм и унафэщІ Ахадовэ Наргис.**



ХЬЭЩІЭХЭР аэропортым деж къыщрагъэблэгъащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ Егоровэ Татьянэ, абы и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, комитетхэм я унафэщІхэу Емуз Нинэ, Іэпщэ Заур, Бэрэгъун Арсен сымэ.

- Нобэрей зэхуэзэр ди хабзэубзыху ІэнатІэхэм зэтщІылІа зэгурыІуэныгъэм къыщыгъэлъэгъуахэм хохьэ. ИкъукІэ ди гуапэщ республикэм и илъэси 100-р щыдгъэлъапІэ махуэхэм ар зэрырихьэлІар. СызэреплъымкІэ, иджыпсту нэхъ ІэмалыфІ ди хьэщІэхэм яІэнкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и ехъулІэныгъэхэр, ди щІыналъэм зыми емыщхьу бгъэдэлъ дахагъэр зрагъэлъагъун и лъэныкъуэкІэ. Апхуэдэуи дыщогугъ адэкІэ дызэрызэдэлэжьэну Іуэхухэр нэхъыбэ зэрытщІыным дытепсэлъыхьыну, Къэбэрдей-Балъкъэрыр гуапэу я гум къинэну, - жиІащ Егоровэ Татьянэ.

Бельский Александр бысымхэм фІыщІэ яхуищІащ махуэшхуэм хагъэтыну къызэрырагъэблэгъам папщІэ.

- МэкъуауэгъуэмІэ щІэддзащ ди парламентхэр зэрызэдэлэжьэну зэгурыІуэныгъэм. Абы тету, щэнхабзэ, туризм ІуэхухэмкІэ нэхъыфІу дызэлъэІэсынущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыуэпсыр телъыджэщ, Санкт-Петербург къалэр езыр зэрыщыту музейуэ къэплъытэ хъунущ - тхыдэшхуэ иІэщ.





ЖысІэну сызыхуейращи, зэтщІылІа зэгурыІуэныгъэм лэныкъуитІым ди дежкІи мыхьэнэшхуэ иІэщ. ПщІэшхуэ къытхуэфщІауэ къыдолъытэ фи щІыналъэр илъэси 100 зэрырикъум ефщІэкІ Іуэху дахэхэм дыхэтыну дыкъызэревгъэблэгъамкІэ. Дынывохъуэхъу фефІэкІуэну! - къыхигъэщащ лІыкІуэм.

ХьэщІэхэр хэтащ фокІадэм и 10 - 11-хэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щекІуэкІа гуфІэгъуэ Іуэхухэм. Апхуэдэуи ахэр КъБР-м и Парламентым и депутатхэм яІущІащ, экономикэ, туризм, социальнэ политикэ я лъэныкъуэкІэ зэрызэдэлэжьэфыну Іэмалхэм тепсэлъыхьыну.

Егоровэ Татьянэ хьэщІэхэр щигъэгъуэзащ КъБР-м и Парламентым и зэхэлъыкІэм, УФ-м и Къэрал Думэм ягъэхь законодательнэ жэрдэмхэм, нэгъуэщІ щІыналъэхэм зэрадэлажьэм.

- Ди зэгурыІуэныгъэм къыщыдгъэлъэгъуар дгъэзэщІэн щхьэкІэ, дызэлэжьынухэр дгъэбелджылынущ. ЗэрыфщІэщи, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Санкт-Петербургрэ зэгъусэу Іуэхугъуэ куэд едгъэкІуэкІыфынущ, псом хуэмыдэу туризмэм епхауэ, - къыхигъэщащ Егоровэм.

Апхуэдэуи абы дыщІигъуащ щІыналъитІми щэнхабзэ, егъэджэныгъэ зэпыщІэныгъэ быдэхэр зэраІэр.

- ЗэрыгурыІуэгъуэщи, дэ ди къалэр ин дыдэщ икІи мэкъумэш ІэнатІэм къыщІигъэкІым сыт щыгъуи щІэупщІэ щиІэщ. Аращи, абы и лъэныкъуэкІи дызэрызэдэлэжьэнум зедгъэужьын хуейуэ къызолъытэ. Республикэм нобэ щытлъэгъуам дитхьэкъуащи, туризмэм зегъэужьыным Іэмал имыІэу гулъытэ хэха игъуэтыпхъэщ. Долъагъу Налшык къалэр зэрефІэкІуари - къабзэщ, гум зыщегъэпсэху. Гуапэу фыкъызэрытІущІар, шэч хэмылъу, тщымыгъупщэнухэм ящыщщ. Пэжыр жыпІэмэ, щІыналъитІым диІэ лъапІэныгъэхэр зэхуэдэщ: Хэкур фІыуэ долъагъу, зэрыпхъуакІуэхэм Ленинград яубыдауэ щыщыта лъэхъэнэм пыщІа Іуэхухэм гумащІэу дахущытщ. Абы къикІращи, ди лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр нэхъ быдэ тщІын хуейщ, ди ужь итхэм апхуэдэ зэпыщІэныгъэ яІэн папщІэ, - жиІащ Бельский Александр.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

*Сурэтхэр* **Елъкъэн Артур** *трихащ.*





# Республикэм и къэралыгъуэр дэни щызэдаIэт

**ФокIадэм и 9 - 11-хэм Налшык къалэм уэрэдрэ къафэкIэ гъэнщIа щэнхабзэ зэхыхьэ гуапэхэр щекIуэкIащ, Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ.**





МАХУЭШХУЭМ ирихьэлIэу къалэм и зыгъэпсэхупIэхэр екIуу зэрагъэпэщыжащ икIи ныпхэмкIэ, шар зэмыфэгъухэмкIэ ягъэдэхащ. КъагъэщIэрэщIэжа утыкухэм а махуэхэм щызэхэтащ «ФIыуэ слъагъу си Налшык къалэ» щIалэгъуалэ арт-фестивалыр. Абы хыхьэу концерт щIэщыгъуэхэр ятащ республикэм и артистхэм. Щэнхабзэ зэхыхьэхэм кърихьэлIахэм я нэгу зрагъэужьащ Кавказ Ищхъэрэм ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтым и студентхэм, ГъуазджэхэмкIэ сабий школым, Музыкэ школхэм, НыбжьыщIэ театрым, республикэм щэнхабзэмкIэ и унэхэм я гъэсэнхэм. Апхуэдэщ Искож хьэблэм Кадыров Ахъмэт и цIэр зэрихьэу щыIэ и зыгъэпсэхупIэм «Эрудит» центрым и егъэджакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ къыщызэрагъэпэщар. Программэр хуэгъэпсауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ. Абы зэхуишэсащ гъунэгъуу щыт псэупIэ унэхэм щIэсхэмрэ Iэгъуэблагъэм итхэмрэ. КъищынэмыщIауэ, Александровкэ, Вольнэ Аул хьэблэхэм я курыт школхэм я еджакIуэхэм къафэрэ уэрэдкIэ гъэнщIа концерт гъэщIэгъуэнхэр ятащ. Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэм и утыкум деж НыбжьыщIэ театрым гукъинэжу зыкъыщигъэлъэгъуащ. Ар иригъэкIуэкIащ режиссёр Кабуловэ Зитэ. Абы хыхьэу, театрым и актёрхэм утыкум щызэхуэса сабийхэм я нэгу зрагъэужьащ джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ, къафэхэмкIэ, къуажэхьхэмкIэ, зэпеуэхэмкIэ, теплъэгъуэхэмрэ миниатюрэхэмкIэ. Зэхыхьэ гуапэм балигъхэри сабийхэри жыджэру зэдыхэтащ.

Фестивалым и программэм хыхьэу КъБКъУ-м и утыкум зыкъыщагъэлъэгъуащ «Иоканто» сабий уэрэджыIакIуэ гупым. Булатовэ Мирабель, Срыкъуэ Ясминэ, Къардэн Алим, Чым Виктор, Биткаш Даниэллэ, Щхьэгъэпсо зэкъуэшхэу Муратрэ Артуррэ, ПщыхьэщIэ зэшыпхъухэу Мариерэ Лянэрэ, нэгъуэщIхэми бзищымкIэ - адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, урысыбзэкIэ - ягъэзэщIащ Хэкум, анэм, сабиигъуэ насыпыфIэм, махуэшхуэм ятеухуа уэрэдхэр.

- ФIыуэ тлъагъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэм и махуэшхуэм иращIэкIа концертым ди ныбжьыщIэхэм я гуапэу зыкъыщагъэлъагъуэ икIи абы дызэрырагъэблэгъам дэркIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, сабийхэм я зэфIэкIхэр зэхуэсахэм я пащхьэм щагъэлъэгъуэну Iэмал яIэщи. Республикэм щыпсэухэм сохъуэхъу дэтхэнэ зы унагъуэми гуапагъэрэ насыпрэ илъыну, зауж ьыну, ефIэкIуэну! - жиIащ «Иоканто» уэрэджыIакIуэ студием и унафэщI ПIаз Аннэ.

ГъуазджэхэмкIэ сабий школ №2-м, Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэм, и унафэщIым и къуэдзэ Вэлий Iэминэ и гуапэу къыхигъэщащ я деж екIуалIэ ныбжьыщIэхэм я къафэ, уэрэд нэхъыфIхэр махуэшхуэ концертхэм жыджэру утыку къызэрыщрахьар, дэрэжэгъуэ ин яIэу я зэфIэкIхэр зэхуэсахэм я пащхьэм къызэрыщагъэнэIуар.

ФокIадэм и 9-м пщыхьэщхьэм Театр щхъуантIэм концерт гукъинэж щатащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и артист цIэрыIуэхэмрэ урыс эстрадэм и вагъуэхэмрэ, Темыркъан Борис и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и симфоние оркестрым, «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблым, «Балкария» къэрал IуэрыIуатэ-этнографие къэфакIуэ ансамблым, уэрэдхэмрэ къафэхэмкIэ «Тэрч къэзакъхэр» къэрал IуэрыIуатэ ансамблым, щапхъэу къалъыта «Ассорти» ансамблым, Музыкэ театрым и балетымрэ хорымрэ, нэгъуэщIхэми. Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыIакIуэ цIэрыIуэхэу Джокер Доминик, Хардай Мухъутар, Нэхущ Чэрим, Текуев Амур, Бэрбэч Аскэр, Шэрджэс Iэсият, Жабоевэ Замирэ, Жаникаев Эльдар, Тхьэгъэлэдж Светланэ, Габуевэ Зухра, Хъыжьрокъуэ СультIан сымэ.

- ПщIэ зыхуэтщI ди хэкуэгъухэ! ГукIи псэкIи сынывохъуэхъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэмкIэ. Мы махуэм ирихьэлIэу тщыщ дэтхэнэри зэрыгъэнщIа гурыщIэхэр къэIуэтэгъуейщ. Республикэм и зыужьыныгъэмрэ ехъулIэныгъэмрэ дызэрыригушхуэм къыдэкIуэу ди гум гуфIэгъуэр щызщ, – жиIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, республикэм исхэм защыхуигъазэм. – Ди щIыналъэ дахэм зэ нэхъ мыхъуми щыхьэщIэну зи насып къихьахэм ди лъахэр фIыуэ зэралъэгъуар егъэлеиныгъэкъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыуэпс къулейм и мызакъуэу, ар я фIыгъэщ абы щыпсэу цIыху гуапэхэм, гуащIэрыпсэухэм. Республикэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщI дэтхэнэми фIыщIэ хуэфащэщ. Ди щIыпIэр адэкIи едгъэфIэкIуэныр псоми ди зэхуэдэ къалэнщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъхэр дызэрызэкъутыр къэплъытэмэ, ар къызэрыдэхъулIэнум шэч хэлъкъым.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэт Ульбашев Мухьэрбий, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин сымэ республикэм исхэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэрэ насыпрэ яIэну, республикэм и зыужьыныгъэм ехьэлIауэ зыхуагъэувыжа мурадхэр зрагъэхъулIэну.

Музыкэ театрым фокIадэм и 10-м щекIуэкIащ «На вершине столетия» махуэшхуэ концертыр. Абы ирагъэблэгъащ республикэм и къэрал властым и органхэм, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я лэжьакIуэхэр. Абы хыхьэу кърихьэлIахэм къахуеджащ УФ-м и Президент Путин Владимир къигъэхьа хъуэхъу тхыгъэм:

- ПщIэ зыхуэтщI ныбжьэгъухэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъумкIэ сынывохъуэхъу. Кавказ Ищхъэрэм и республикэ нэхъ дахэу къалъытэхэм ящыщ зыр къызэрыунэхуар хэлъхьэныгъэфI хуэхъуащ урысей къэралыгъуэм и зыужьыныгъэр гъэбыдэным. Къэралым и тхыдэм зи цIэ къыхэна, щIэныгъэм, гъуазджэм, егъэджэныгъэм, нэгъуэщI унэтIыныгъэхэм зи зэфIэкI хэзылъхьа фи хэкуэгъу цIэрыIуэхэм я ехъулIэныгъэхэм фригушхуэ хъунущ. Тхыдэ, щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэр зэрыфхъумэр, щIэблэр хабзэм, гъэсэныгъэ дахэхэм зэрыщIэфпIыкIыр уасэншэщ, - итщ абы. – Нобэ республикэм социальнэ, турист, мэкъумэш унэтIыныгъэхэм зэрызыщауж ьыр, проект инхэр зэрыщагъэзащIэр нэрылъагъущ. Ди зэманым къигъэув Iуэхугъуэхэр зэфIэхыным фыпэлъэщыну, гуапагъэ, ехъулIэныгъэ, зыужьыныгъэ фиIэну!»

ФокIадэм и 10-м пщэдджыжьым сыхьэти 10-м ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэм къыщызэIуахащ «Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ» промышленнэ, мэкъумэш выставкэ гъэщIэгъуэныр. Абы зрагъэхьэлIащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, абы и къуэдзэхэу Говоров Сергейрэ, Хъубий Маратрэ, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Iэтащхьэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн, КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр Iэхъуэбэч Щамил, Налшык къалэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз.

Выставкэм щагъэлъэгъуащ республикэм и мэкъумэш IуэхущIапIэ 30-м, промышленнэ предприятэ 14-м къыщIагъэкI продукцэхэр. Апхуэдэхэщ пхъэщхьэмыщхьэхэр, фIэIугъэхэр, IэфIыкIэхэр, псыIэфIхэр, лым, гъэшым къыхащIыкIахэр. Гъэлъэгъуэныгъэм зыкърезыгъэхьэлIахэм Iэмал яIащ абыхэм еплъым и мызакъуэу икIи я IэфIагъым еплъыну. Республикэм и щIэныгъэ IуэхущIапIэхэм – Мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым, Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университетым - я щIэныгъэ лэжьыгъэхэри утыкум щагъэлъэгъуащ.

Апхуэдэу щIыналъэм и промышленнэ IуэхущIапIэхэм («Кабельный завод», «Кавказкабель ТМ», «Телемеханика», «Воентекстильпром», «Чегемский стекольный завод», «Севкаврентген-Д», «Нальчикский завод высоковольтной аппаратуры», «Терекалмаз») къыщIагъэкIхэми къызэхуэсахэр хагъэгъуэзащ. Къыхэгъэщыпхъэщ, республикэм и заводхэм къыщIагъэкIхэр Урысейм и щIыналъэ псоми, хамэ къэрал куэдми зэрырагъэшэр.

ФокIадэм и 10-м Абхъазым и утыкум щагъэлъэгъуащ республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ я «Национальная палитра - 100 лет КБР» лъэпкъ пщIантIэхэр, «Наш общий дом – Республика моя!» фестивалыр. Абы хыхьэу республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я лъэпкъ пщIантIэхэр къызэрагъэпэщащ, лъэпкъ щэнхабзэ центрхэм я шатырхэр ягъэуващ, шхыныгъуэхэр ягъэлъэгъуащ.

Бахъсэн районым и пщIантIэ хуитым и бжэIупэм щекIуэкI адыгэ джэгум куэд зэхуишэсат. Уеплъыну гухэхъуэт щIэблэр къызэрыфэм, хьэщIэхэмрэ хэгъэрейхэмрэ ящыщ нэхъыжьхэр хъуахъуэу Iэнэ берычэтым зэрыпэрысым. Лъэпкъ пщIантIэхэм я плIанэпэм щагъэлъагъуэрт цIыхубз, цIыхухъу фащэхэмрэ абы ехьэлIа хьэпшыпхэмрэ, цIуугъэнэхэр, лъэпкъ шхыныгъуэхэр, чы матэхэр къэзыкъутэ хадэхэкIхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр, апхуэдэу фIэIугъэхэр, пасэрей Iэмэпсымэхэр, нэгъуэщIхэри. УмыгъэщIэгъуэн плъэкIыртэкъым пхъэщхьэмыщхьэм, гъавэм, удз гъэгъахэм «Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 ирокъу» псалъэхэр дахэу къызэрыхащIыкIам. ГъуазджэмкIэ сабий школхэм я гъэсэнхэм я IэрыкI телъыджэхэр щыхьэт тохъуэ республикэм сурэтыщI IэкIуэлъакIуэхэр къызэрыщIэувэм.

Тэрч, Лэскэн, Аруан, Бахъсэн, Шэджэм районхэм я адыгэ пщIантIэ зэщIэкъуахэм щыплъагъурт ижь-ижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI Iэнэ лъакъуищыр, шэнт щхьэгуэ цIыкIухэр, зэрыджэгу хьэпшып зэхуэмыдэхэр, лъэпкъ фащэкIэ хуэпа гуащэхэр, пхъэ чей, пхъэхь, джыдэ, сэ зэралъ, Iэщхьэл, пхъэм къыхэщIыкIа пасэрей хьэкъущыкъухэр, нарт лIыхъужьхэм я сурэту школакIуэхэм пхъэм къыхаIущIыкIахэр, пасэрей макъамэ Iэмэпсымэхэр, дыщэидэхэр, бзылъхугъэхэм зэрахьэ, унэр зэрагъэдахэ хьэпшып цIыкIуфэкIухэр, нэгъуэщIхэри. ПщIантIэхэм зыщызыплъыхьыну къыдыхьэхэр я лъэгу щIагъэплъащ къэфакIуэ гупхэм.

ФокIадэм и 10-м пщыхьэщхьэм сыхьэт 22-м Налшык къалэм и щIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэм - ЗэгурыIуэныгъэм и утыкум, Искож, Стрелкэ хьэблэхэм, «Сосрыкъуэ» шхапIэ-хьэщIэщым и утыкум деж - махуэшхуэм и щIыхькIэ хьэрэкIытIэхэр щагъэлъэтащ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**
*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*











# Къэбэрдей уэрамыр нэхъри йофIакIуэ

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ къазэрыщищIам ипкъ иткIэ, гуфIэгъуэ щIыкIэм тету къызэIуахащ Налшык - Май автомобиль зекIуапIэм къагъэщIэрэщIэжа и Iыхьэр.**

КИЛОМЕТРИ 4,6-рэ зи кIыхьагъ ар хуозэ, Налшык и Къэбэрдей уэрамым щыщу, Идар Темрыкъуэ и цIэр зезыхьэм деж къыщыщIэдзауэ къалэ дэкIыпIэм нэс.

Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIам и кIыхьагъкIэ кIэлъыплъа къулыкъущIэхэм къызэралъытэмкIэ, гъуэгум мы и Iыхьэр иджырей технологиехэм тету къызыхуэтыншэу икIи и чэзум зэрагъэпэщыжащ.

Зи гугъу тщIы гъуэгум жэщ-махуэм къриубыдэу машинэ мин 35-м нэблагъэ щызокIуэ. Абы къыхэкIыуи, зэрыгурыIуэгъуэщи, а и Iыхьэр жьы хъуат, и щхьэфэр телэжьыкIыу хуежьат.

«ФIагъ лъагэ зиIэ автомобиль гъуэгу шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ къагъэщIэрэщIэжа зекIуапIэр IыхьиплIу гуэшащ. ЛъэсырыкIуэхэм зэпрыкIыпIэ екIухэр къыхуэзэрагъэпэщащ. Ашуровым и уэрамым хуэкIуэ «лъагъуэщIи» машинэхэм хухахащ.

Гъуэгум щыщыIэ щытыкIэр къозыгъащIэ камерэхэмрэ детекторхэмрэ адэ-мыдэкIэ щыпадзащ, светофорхэр къыщагъэщIэрэщIэжащ, и лъэныкъуитIымкIи къэзыгъэнэху уэздыгъэхэмкIэ, нэху-диод щIыкIэм тету лажьэхэмкIэ щызэрахъуэкIащ. А псом къыхэкIыуи, IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, Прохладнэрэ Налшыкрэ зэпызыщIэ автомобиль зекIуапIэр куэдкIэ нэхъ дахи, щызекIуэгъуафIи хъуащ.



## Дунейм щыхъыбархэр

### Сом триллион и уасэ зэгурыIуэныгъэ

**Кхъухьлъатэ зэпкърызылъхьэ корпорацэ зэхэтымрэ «Аэрофлот» аваиакомпаниемрэ зэгурыIуэныгъэ зэращIылIащ ди къэралым щащIа кхъухьлъатэ 339-рэ иужьрейм къызэрищэхунум теухуауэ.**

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - промышленностымрэ сатумкIэ министр Мантуров Денис хэIущIыIу ищIащ КъуэкIыпIэ экономикэ зэхуэсышхуэм арэзы зыщытехъуа зэгурыIуэныгъэм сом триллионым щIигъу зэрыхуэзэр икIи нэхъапэм апхуэдиз зи уасэ сату зэрызэдамыщIар. Iэ зытрадза тхылъым къыщыгъэлъэгъуащ кхъухьлъатэхэм 2023 - 2030 гъэхэм къриубыдэу лэжьэн зэрыщIадзэнур.

«Кхъухьлъатэ 339-м щыщу 300-м нэблагъэр МС-21, «Суперджет» лIэужьыгъуэщIэхэм хуэдэщ, абыхэм къакIэрымыхуу къагъэсэбэпынущ Ту-124-хэри. Ари нэхъ пасэу къыдагъэкIыу щытащ икIи и фIагъыр къигъэлъэгъуакIэщ, - жиIащ «Ростех» урысей корпорацэм и генеральнэ унафэщI Ремезов Сергей. - Нэхъыбэу тщIыну ди мурадыр МС-21-м хуэдэхэрщ. Ар ди къэралым и кхъухьлъатэухуэ IэнатIэр зэрыгушхуэщ, конструкторхэм ирагъэфIэкIуащи, ирилэжьэнухэри иризекIуэнухэри арэзы къащIыну ди гугъэщ».

### Инджылызым и пащтыхьыщIэ

**Инджылызым и пащтыхь Карл Ещанэр и къулыкъум пэрыуващ. Абы теухуа дауэдапщэхэр Лондон и Сент-Джеймс уардэунэм щызэхэтащ.**

Я къэрал хабзэхэм япкъ иткIэ, зы пащтыхьыр дунейм ехыжа нэужь къыкIэлъыкIуэр зы жэщ-махуэм къриубыдэу абы и пIэ иувэн хуейщ. Апхуэдэу щытми, мы зэм абы къытекIри, пIалъэр тIэкIу ягъэIэпхъуащ - фокIадэм и 8-м и пщыхьэщхьэм илъэс 96-рэ хъууэ дунейм ехыжа Елизаветэ ЕтIуанэм и къуэ нэхъыжь Чарльз а къулыкъум зэрытеувэм теухуа Iуэхухэр щрагъэкIуэкIар фокIадэм и 10-рщ.

Инджылыз пащтыхьыгъуэр зыхуэфащэхэм япэ увыпIэр щызыIыгъа абы и ныбжьыр илъэс 73-рэ хъууэщ тажыр къыщылъысар. Къэрал къулыкъущIэхэр, унагъуэм щыщхэр кърихьэлIэу абы тхьэрыIуэ итащ. Инджылызым и унафэм щIэту къалъытэ къэрал 24-ми я пащтыхьщ ар иджы. Абыхэми махуипщIкIэ щыхуэщыгъуэнущ илъэс 70-рэ мазиблкIэ пащтыхьыгъуэм тета Елизаветэ ЕтIуанэм.

**ФокIадэм и 13, *гъубж***

♦ **1919 гъэм** къалъхуащ драматург, режиссёр, УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Тубай Мухьэмэд**.
♦ **1930 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цIыхубэ тхакIуэ **Брат Хьэбас**.
♦ **1934 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Шорэ Хьэсин**.
♦ **1937 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ **Бицу Георгий**.
♦ **1941 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМА-м и профессор **Джыназ Борис**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 19 - 21-рэ, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

**ФокIадэм и 14, *бэрэжьей***

♦ **1871 гъэм** къалъхуащ генерал-майор, КъуэкIыпIэ Жыжьэм пащтыхьым щиIа армэм и командующэу щыта **Хьэгъундокъуэ Едыдж**.
♦ **1914 гъэм** къалъхуащ шэрджэс тхакIуэ **Хъыту Сайдин**.
♦ **1947 гъэм** къалъхуащ хьэрычэтыщIэ, политик, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэу, псапащIэу щыта **Дер Станислав**.
♦ **1950 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Щоджэн БетIал**.
♦ **1952 гъэм** къалъхуащ педагогикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат **ХьэфIыцIэ Эльмирэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, пIалъэ-пIалъэкIэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 16 - 17, жэщым градус 12 - 13 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Iущыгъэ:**
**Уи фIым иумытыр мафIэм пфIес.**





# Джылахъстэнейхэм я дэрэжэгъуэт

**Щэбэт, тхьэмахуэ махуэ блэкIахэм республикэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ КъБР-р къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъур. Налшык щекIуэкIа дауэдапщэ инхэм къищынэмыщIауэ, районхэми гуфIэгъуэ зэхыхьэ дахэхэр щыIащ.**

**ТЭРЧ муниципальнэ щIыналъэм** и администрацэм щагъэлъэпIащ цIыхубэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хэлъхьэныгъэ хуэзыщIахэр.

Районым зэрызиужьам, абы игъуэта зэхъуэкIыныгъэфIхэм теухуауэ къызэхуэсахэм я пащхьэ къыщыпсэлъащ Тэрч щIыналъэм и унафэщI Дадэ МуIэед. Абы жиIащ Джылахъстэнейм кIуэпэтми нэхъ зэрызиужьыр. УщымыгуфIыкIыхэнкIэ Iэмал иIэкъым абы лъэныкъуэ куэдкIэ игъуэта зэхъуэкIыныгъэхэмрэ ефIэкIуэныгъэхэмрэ.

Егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, спортым, мэкъумэш хозяйствэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIауэ цIыху 32-м «Къэбэрдей-Балъкъэрыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ» фэеплъ медалыр хуагъэфэщащ. «Тэрч къалэ щIыхь зиIэ и цIыху» цIэ лъапIэр цIыхуиплIым фIащащ. КъБР-м и Правительствэм и щIыхь, Тэрч муниципальнэ щIыналъэм и фIыщIэ, щIыхь тхылъхэмкIэ ягъэлъэпIащ унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм зи гуащIэ хэзылъхьахэр.

Дадэ МуIэед хъуэхъу псалъэкIэ захуигъэзащ джылахъстэнейхэм.

- Ныбжьэгъу лъапIэхэ! Республикэм и махуэ дахэр ди зыужьыныгъэм, ехъулIэныгъэм къыпызыщэ ирехъу! Быдэу си фIэщ мэхъу ди щIыналъэм исхэр а къалэнхэм зэрыпэлъэщынур. Сынывохъуэхъу узыншагъэ, мамырыгъэ фыщымыщIэу фыпсэуну.

Тэрч къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм щекIуэкIа концертым цIыкIуми инми я нэгу зыщрагъэужьащ. Парк нэхъыщхьэм къыщызэрагъэпэщат «Си лъахэу дапщэщи фIыуэ слъагъуну щIыналъэ» фIэщыгъэм щIэт гъэлъэгъуэныгъэ. Абы утыку къыщрахьат Тэрч къалэм Сабийхэр гъуазджэхэм щыхуагъасэ и школым щеджэхэм я IэдакъэщIэкIыу лъэпкъ щхьэхуэныгъэхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр, щэнхабзэр къызытещ сурэтхэр. НыбжьыщIэ цIыкIухэм я лъахэр фIыуэ зэралъагъум и щыхьэтт а сурэтхэм къапкърыкI хуабагъэр, егугъуу плъыфэхэр зэрызэхалъхьар.

Абдеж щIалэхэр пасэрей адыгэ джэгукIэхэмкIэ, хъыджэбзхэр пасэрей IэпэIэсагъэмкIэ щызэпеуащ. ЯфIэгъэщIэгъуэну куэд хэтащ декоративно-прикладной гъуазджэмкIэ ирагъэкIуэкIа мастер-классхэм. «Сэ си унэр Къэбэрдей-Балъкъэрырщ» фIэщыгъэм щIэту асфальтым сурэт дахэу тещIыхьынымкIэ зэпеуэ къыхалъхьам ныбжьыщIэхэм щащIахэр плъагъунри гухэхъуэт!

ЩIыналъэм и артист пажэхэр хэту къызэрагъэпэща концертыр гуфIэгъуэ зэхыхьэм кърихьэлIахэм гуIэфIтещIэж яхуэхъуащ.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**





# Бахъсэн щIыналъэр махуэшхуэм добжьыфIэ



**Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэмрэ Бахъсэн щIыналъэмрэ къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу гуфIэгъуэ зэIущIэшхуэ щызэхэтащ щIыпIэ унафэр щызэрахьэ къулыкъущIапIэм и утыкум.**

ЦIЫХУ миным щIигъу зэхуэзышэса дауэдапщэхэм кърихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед, КъБР-м и Парламентым Къэрал хабзэхэр убзыхунымрэ щIыпIэ унафэр къызэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэмкiэ и къудамэм и унафэщI Мэлбахъуэ Борис. Апхуэдэу гуфIэгъуэм хэтащ **Бахъсэн щIыналъэм** хиубыдэ къуажэ 13-м я унафэщIхэр, щIыпIэ къулыкъущIэхэр, хабзэхъумэ IэнатIэм пэрыт лэжьакIуэхэр, жылагъуэ, ныбжьыщIэ зэгухьэныгъэхэм хэтхэр, ветеранхэм я къуажэ хасэхэм я лIыкIуэхэр, къуажэдэсхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Бахъсэн щIыналъэмрэ я зыужьыныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьахэм хуагъэфэща фIыщIэгуапэ тхылъхэр яIэрыгъэхьэжынымкIэ ирагъэжьащ гуфIэгъуэ зэхыхьэр.

КъБР-м и Правительствэм къыбгъэдэкIыу цIыхубэм хъуэхъу гуапэкIэ захуэзыгъэза Къуныжь МуIэед къыхигъэщащ Бахъсэн щIыналъэм и фIыгъуэ нэхъыщхьэу цIыхур зэрыщытыр. «Мыбы щыпсэу цIыхухэр гуащIафIэщ, лэжьакIуэщ, емышыжщ. Ахэр анэдэлъхубзэмрэ илъэсищэхэм къэгъуэгурыкIуа хабзэхэмрэ я щыжакIуэ нэсщ, къэралым щызэфIэува щыIэкIэм и къэрэгъулщ. «Бахъсэн щIыналъэм щыпсэухэр сыт и лъэныкъуэкIи фефIэкIуэну, щIэблэ узыншэ къыфщIэхъуэну, фызытет щIым и IэфIымрэ къыфтепсэ дыгъэм и гуапэмрэ зэпымыууэ зыхэфщIэну си гуапэщ», - жиIащ Къуныжь МуIэед.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и цIэкIэ гуфIэгъуэ дауэдапщэм кърихьэлIахэм фIэхъус ярихри, псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ Мэлбахъуэ Бориси. «Бахъсэн щIыналъэм цIыху цIэрыIуэ куэд къикIащ, хэгъэгуми къэралми къыщацIыхуу, абы и щытхъур жыжьэ щагъэIуу. Зи къэралыгъуэр илъэси 100 ирикъуа хэгъэгум и дэрэгъущ Бахъсэн щIыналъэри. Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхугъуэфl куэди щалэжьащ мыбдеж. Сыт хуэдэ лъэпощхьэпо IущIами, и пщIэр иIыгъыу, и цIэр имыгъэпуду къэгъуэгурыкIуащ Бахъсэн щIыналъэр. Псори дыщIыщыIэр къытщIэхъуэ щIэблэращи, фи щIалэгъуалэр нэхъыжьыфIхэм яхуэфащэу, цIыхугъэр я Iэпэгъуу, щIыналъэри абыхэм ядэбжьыфIэу, ядэфIэрафIэу щыIэну си гуапэщ», - жиIащ Мэлбахъуэ Борис.

Бахъсэн щIыналъэм щэнхабзэмкIэ и лэжьакIуэхэм гуфIэгъуэ пшыхьым нэгузегъэужь программэшхуэ хузэхалъхьащ. Утыкум кърахьа уэрэдхэмрэ къафэхэмрэ къыхэщырт щIыналъэм хуаIэ лъагъуныгъэр, къызыхэкIа лъэпкъым зэрыригушхуэр, къащхьэщыт нэхъыжьыфIхэмкIэ гум щахъумэ хуабагъыр. Концертым хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъ эстрадэм и вагъуэхэр: Хъыжьрокъуэ СултIан, Даур Иринэ, Зеущэ Iэуес, Жыгун Эдик, ШыкIэбахъуэ Ислъам, нэгъуэщIхэри.

Апхуэдэу адыгэм игъащIэми къыдэгъуэгурыкIуэ къафэ щэнхабзэр гуимыхужу ягъэлъэгъуащ «Кавказ», «Бахъсэн пшэплъхэр» гупхэм.

Куэдым гукъинэж ящыхъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэси 100 зэрырикъум ирихьэлIэу» фэеплъ дамыгъэр зыхуагъэфэща, Бахъсэн щIыналъэм щыщ цIыху 36-м лъагъэса лъапIэныгъэр.

ГуфIэгъуэ концертыр сыхьэтищым нэблагъэкIэ екIуэкIащ икIи пшапэр зэхэуа нэужь ягъэлъэта хьэрэкIытэ щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ иухащ.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

# Тыгъэ лъапIэхэр хуащI



**Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъур ди щIыналъэм и щIыпIэ псоми Iэтауэ щагъэлъапIэ. БлэкIа зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм дэнэкIи къыщызэрагъэпэщащ гуфIэгъуэ зэхуэсхэр, щэнхабзэ зэIущIэхэр, гуфIэгъуэ пшыхь гукъинэжхэр. ЦIыхуищэхэр зыхэта апхуэдэ Iуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьащ къызэринэкIа илъэси 100-м къриубыдэу ди республикэм, лъэпкъ экономикэм и унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэм, щIыналъэм и цIыхубэм ягъуэта зыужьыныгъэхэм, зыIрагъэхьа ехъулIэныгъэ лъагэхэм, къэкIуэнум хуаIэ мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ. Апхуэдэу я цIэхэр къыщраIуащ лъэпкъым и цIыху пажэхэм, щагъэлъэпIащ ди нэхъыжьыфIхэр, щагъэгушхуащ щIалэгъуалэр.**

**ШЭДЖЭМ щIыналъэм** къыщызэрагъэпэща гуфIэгъуэ зэхуэсхэм щаIэтащ районым и зыужьыныгъэм, щIыпIэ экономикэм, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэхэм, спортым, гъащIэм и нэгъуэщI унэтIыныгъэ куэдым я зэIузэпэщыныгъэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщIа хэкупсэ нэсхэр. ЩIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Борсэ Юрэ яхуэкIуащ районым пщIэ щызиIэ нэхъыжьыфIхэм. КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и Указым ипкъ иткIэ, Борсэм абыхэм яритащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ къыдагъэкIа медалыр. А къэрал дамыгъэ лъапIэм дэщIыгъуу ар зыхуагъэфэщахэм хуагъэфэщащ Шэджэм щIыпIэ администрацэм къабгъэдэкI щIыхь тхылъхэри.

- Нобэ Шэджэм щIыналъэм щыдгъэлъапIэ цIыхухэм я фIыщIэ куэд хэлъщ ди республикэм, районым игъуэта зыужьыныгъэм, - къыхигъэщащ Iэтащхьэм и хъуэхъу псалъэм. - IэнатIэ зырыз бгъэдэтами, хэкупсэ нэсу зи гъащIэр езыхьэкIа ди нэхъыжьыфIхэр псори зэтохуэ я IэщIагъэм пэжу зэрыпэрытамкIэ, дзыхь къыхуащIа къалэнхэр жэуаплыныгъэ лъагэ яхэлъу зэрызэфIахамкIэ, ди Хэку-анэр фIыуэ ялъагъуу, абыкIэ адрейхэм ноби щапхъэ яхуэхъу гъащIэр зэрырахьэкIымкIэ.

Къэрал гулъытэ лъагэ зыгъуэтахэм ящыщщ щIыпIэм и егъэджакIуэ нэхъыжьхэм халъытэхэу Къумыкъу ФатIимэт Шухьиб и пхъумрэ ДыщэкI Марие Сухьэмадин и пхъумрэ Хэку зауэшхуэм и ветеран Хочуев Магомед Бэчмырзэ и къуэр, «ГуащIэдэкI ЩIыхь» орденым и нагъыщэ псори зыхуагъэфэща Газаев Исмэхьил Хьэсэнбий и къуэр, нэгъуэщIхэри.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу сохъуэхъу къэрал гулъытэ лъагэ зыгъуэта дэтхэнэми. Абыхэм я гуащIэ хьэлэл хэлъщ ди республикэм нобэ иIэ социально-экономикэ зыужьыныгъэм. Я къаруи, я пси емыблэжу Хэкур бийм щызыхъумахэм, абы мамыр гъащIэр щызыухуэжахэм, экономикэ, щэнхабзэ я лъэныкъуэкIэ щIыналъэр лъагапIэхэм хуэзышахэм яхуэфащэ дыдэщ къэралым къарита дамыгъэхэр, жылагъуэм щаIэ пщIэмрэ нэмысымрэ, - жиIащ Борсэ Юрэ. - Апхуэдэу си гуапэу сохъуэхъу къэралыгъуэм и махуэшхуэмкIэ ди щIыпIэм, республикэм ис псоми. Мамырыгъэ, зэпэщыныгъэ, зэгурыIуэныгъэ диIэу дыпсэуну си гуапэщ.

ЩIыналъэм щекIуэкIа махуэшхуэ пэкIухэм жыджэру хэтащ нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри, IэщIагъэлIхэри унэгуащэхэри, ягурэ я псэрэ зэIухауэ, фIыуэ тлъагъу республикэмрэ абы и цIыхухэмрэ папщIэ хъуэхъу дахэхэр ягъэIуу.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# Лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и нэщэнэ

**Мы махуэхэм ди республикэм Iэтауэ щагъэлъэпIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэралыгъуэ зэригъуэтрэ илъэси 100 зэрырикъур. ЩIыналъэм хыхьэ щIыпIэ псоми зэдэууэ щаIэтащ а гуфIэгъуэр, ди цIыхухэр зэрызэкъуэтыр, мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ я телъхьэу зэрыщытыр къагъэлъагъуэу. Къэралыгъуэм и махуэм дэнэкIи къыщызэрагъэпэщащ зэхыхьэ гуапэхэр, щагъэлъэпIащ нэхъыжьыфIхэр, лэжьыгъэм къыхэжанык I IэщIагъэлIхэр, щагъэгушхуащ къэкIуэнур зей щIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ.**

**АРУАН щIыналъэм** щыпсэухэри жыджэру хэтащ республикэ махуэщIым, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэкIэ я гумрэ я псэмрэ гъэнщIауэ. Районым и лIыкIуэхэр ирихьэлIащ Абхъазым и утыкум фокIадэм и 10-м къыщызэрагъэпэща, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ махуэшхуэу «КъБР-100» фIэщыгъэр зиIам. Абыхэм абдеж щаухуа лъэпкъ щэнхабзэ пщIантIэ цIыкIур адрейхэм къахэщу къыпщыхъурт, апхуэдизу щIэщыгъуэу, къызэрымыкIуэу уIуплъэрт аруандэсхэм къызэрагъэпэща махуэшхуэ гъэлъэгъуэныгъэми. А псори зылъагъу ди цIыхухэми хьэщIэ лъапIэу республикэм къеблэгъахэми мымащIэу къахэкIырт Аруан щIыналъэм и пщIантIэм деж хэхауэ зыщызыIэжьэхэр, гъэлъэгъуэныгъэм хэлъ хьэпшыпхэм нэхъ гъунэгъуу щыгъуазэ зыхуащIын мурадкIэ, апхуэдэуи бысымхэм хьэлэл къыхуащI лъэпкъ шхыныгъуэ щIэщыгъуэхэм ящыщ зыIузыгъахуэхэр.






Гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтым къызэщIиубыдэрт адыгэхэм ижь зэманым зэрахьэу щыта пасэрей хьэпшыпхэр, хьэкъущыкъу хьэлэмэтхэр. Апхуэдэу абы щыплъагъурт Аруан щIыналъэм щылажьэ сабий творчествэмкIэ еджапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм я гъэсэн цIыкIухэм махуэшхуэм ирихьэлIэу ягъэхьэзыра лэжьыгъэхэр.

А псоми щIыгъут Аруан щIыналъэм и щэнхабзэ IуэхущIапIэхэм и лэжьакIуэхэм, щIыпIэм и курыт школхэм я гъэсэнхэм я зыкъэгъэлъэгъуэнри. Ахэр хэтащ утыкушхуэм щекIуэкIа махуэшхуэ концертми. Абыхэм ягъэзэщIащ хэкупсэ уэрэдхэр, къеджащ усэхэм, лъэпкъ къафэхэр екIуу ягъэзэщIащ. ЦIыхухэм ахэр гунэс зэращыхъум и щыхьэтт къызэхуэсахэм абыхэм хуаIэт Iэгуауэ иныр.

ЖыпIэнурамэ, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэ лъэщым и нэщэнэ дахэу екIуэкIащ махуэшхуэ зэхыхьэхэр. ФIыгъуэ куэд Тхьэм къытхудигъакIуэ!

**ТАМБИЙ Линэ.**

# Мыхьэнэ ин зиIэ пIалъэ

**Дзэлыкъуэ щIыналъэми екIуу щагъэлъэпIащ КъБР-р къызэрызэрагъэпэщрэ лIэщIыгъуэ зэрырикъуар. Iуэхум хэтащ щIыналъэм и администрацэм и унафэщI Джатэ Руслан, щIыпIэ самоуправленэмкIэ советым и Iэтащхьэ Елчэпар Мухьэмэд, профессор, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБР-м Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и институтым и унафэщI Дзэмыхь Къасболэт, КъБР-м и Парламентым и депутат, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэ Бжьахъуэ Ранетэ, КъБР-м и Парламентым и депутат ХьэIупщы Арсен, щIыналъэм и нэхъыжьыфIхэр, щIалэгъуалэр.**




УРЫСЕЙ Федерацэми Къэбэрдей-Балъкъэрми я дежкIэ махуэшхуэм мыхьэнэшхуэ зэриIэр къыхигъэщащ кърихьэлIахэм ехъуэхъуа Джатэ Руслан:

- Нобэ пщIэрэ щIыхьрэ яхуэтщIын хуейщ зи гуащIи, щIэныгъи, узыншагъи щымысхьыжу ди республикэр зэфIэувэнымрэ зиужьынымрэ хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа нэхъыжь Iущхэм. ПсэуныгъэкIэ ехъулIэ, политикэ щытыкIэ тэмэм зиIэ, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэ здэщыIэ республикэм дыщопсэури, адэкIи ди Къэбэрдей-Балъкъэрыр ефIэкIуэну Тхьэм жиIэ! - захуигъэзащ абы къызэхуэсахэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм теухуауэ къэпсэлъащ Дзэмыхь Къасболэт.

Республикэр къызэрыунэхурэ илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ къыдагъэкIа медалыр КъБР-м и Iэтащхьэм и унафэкIэ иратащ егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, щэнхабзэм, спортым, нэгъуэщIхэми къыщыхэжанык Iахэм. Ар хуагъэфэщащ **Дзэлыкъуэ районым** и цIыху пажэхэми.

ЩIыналъэр хэтащ Налшык, Абхъазым и утыкум деж щекIуэкIа махуэшхуэми. Дзэлыкъуэм и лъэпкъ пщIантIэм щагъэлъэгъуащ IэпщIэлъапщIэхэм я хьэпшып дахэхэр, тхыдэ кIыхь зиIэ хьэпшыпхэр, апхуэдэуи щIыналъэр зэрыкъулей хадэхэкIхэр.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*





# 3D-мэппинг шоур сыт и уасэт?!

**3D-мэппинг шоум къигъэлъагъуэм утетхыхьыжкIэ е утепсэлъыхьыжкIэ, пэжыр жытIэнщи, уи нэгу къыщIигъэхьэнур мащIэщ - абы уеплъын хуейщ.**

ТЕПЛЪЭГЪУЭМ и дахагъэр нэсу къытхуэмыIуатэми, иджырей технологием и зыужьыныгъэр здынэсам ар зэрищапхъэм шэч хэлъкъым. А Iэмалыр къагъэсэбэпу, Эрмитажыр илъэс 250-рэ щрикъум Санкт-Петербург и Дворцовэ утыкум апхуэдэ зы телъыджэ щыщагъэлъэгъуам хъуэпсэгъуэ сщыхъуат. Абы щыгъуэми, къыхэгъэщын хуейщ, видеомэппингыр къызэрыунэхурэ илъэс 40-м зэрыщIигъуар, ауэ нэхъ жыджэру ар утыку кърахьэн щыщIадзар Интернетым зиужьу щыхъуарщ. Гъэ къэс нэхъ дахэу, нэхъ телъыджэу икIи гугъуу видеохэр зэхагъэувэу зрагъэсащ. Къапщтэмэ, а унэтIыныгъэр иджыпсту нэхъ лъапIэ дыдэхэм ящыщщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр илъэси 100 зэрырикъум и щIыхькIэ щIыналъэм щыпсэухэм апхуэдэ лэжьыгъэкIэ уахуэупсэныр хуэфащэ тыгъэт, сыту жыпIэмэ абы итхьэкъуар технологиехэр зи Iэпэгъу щIалэгъуалэм я закъуэтэкъым, видеошоум и телъыджагъэр нэхъыжьхэми ямыгъэщIагъуэу къэнакъым. ФокIадэм и 10-м КъБР-м и Правительствэм и унэ блыныр «тхыдэм и гъуджэ» зэрыхъуам еплъащ республикэм щыпсэу цIыху мин 50-м нэблагъэ. Езы къызэхуэсахэм зэрыжаIэти, апхуэдиз цIыху бжыгъэ иужьрейуэ къалэм и утыку нэхъыщхьэм щыщызэхыхьар ящIэжыркъым. Мы Iуэхум нэхъыщхьэу хэлърати, Къэбэрдей-Балъкъэрым зы лIэщIыгъуэм къриубыдэу къикIуа гъуэгуанэрт абы и лъабжьэр. Аращ шоум елэжьахэм мураду зыхуагъэувыжар.

«Ди лэжьыгъэр адрейхэм къазэрыщхьэщыкIыр мыбдеж сурэт, теплъэгъуэ дахэ гуэрхэр дгъэлъэгъуэным дыхущIэмыкъуу, республикэм и тхыдэр, и щэнхабзэр, Хэкум и цIэр фIыкIэ зыгъэIуа цIыхухэр абы къызэридгъэщарщ. Гулъытэ хэха хуэтщIащ Налшык зыщыбгъэпсэху щIыналъэ дахэу зэрыщытми», - жеIэ 3D-видеомэппингым и продюсер Хьэцей Тимур.

Шоур цIыхухэм я пащхьэ кърахьэным къызэгъэпэщакIуэхэр жэщ-махуэ ямыIэу мазэкIэ елэжьащ. ЗэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ лэжьыгъэм илъэс ныкъуэ щытекIуади щыIэщ.

Шэч хэмылъу, ди лъахэм и тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуа куэд школхэм къыщыдагъэщIауэ дощIэ, тхылъкIи куэдым зыщыдгъэгъуэзат, ауэ видеомэппингым и къэIуэтэкIэр (унэ блыным и теплъэр плъыфэ зэмылIэужьыгъуэу зрагъэхъуэж, макъамэ щIэту сурэтхэмрэ видеохэмрэ тредзэ, зэми ар пшэ фIыцIэм хуокIуадэ, къоунэхуж) щIэщыгъуэт, иджыри къэс дызыщыгъуазэу къекIуэкIа Iуэхухэр, ди блэкIар нэхъ гъэщIэгъуэныж щIэхъукIырт.

Пэжщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэ куур дакъикъипщIым пхуигъэзэгъэфыну къыщIэкIынутэкъым, уеблэмэ къомэщIэкIырт (иджыри тIэкIу пезгъэщэнт жыпIэу уи гур лъыхъуэрт). Ауэ абы зыкIи фагъуэ ищIакъым лэжьыгъэр. 1922 гъэм къыщыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыхэта Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр, къэрал нэхъ ин дыдэу щыт Совет Союзым хэту, и хьэщIагъэр дэнэ щIыпIи щызэлъэщIигъэсауэ къызэрыдекIуэкIар а пщыхьэщхьэм цIыхухэм «я нэгу щIэкIащ».

3D-шоум къыщагъэсэбэпа плъыфэхэм, макъамэхэм, зэрызэхагъэуvам и гугъу пщIымэ, псори телъыджэ дыдэт. Хэку зауэшхуэр къыщыхъея пщэдджыжьыр кхъухьлъатэ блэлъэтхэмкIэ къагъэлъэгъуащ. Ди цIыхухэр а зэманым я Хэкум папщIэ зэрызэкъуэувамрэ къакъуэкIа лIыхъужьыгъэмрэ къыхагъэщащ, адэкIэ цIыхубэ хозяйствэр къызэраIэтар, Урысейм текIуэныгъэшхуэхэр къыхуэзыхьа, ди лъахэгъу спортсменхэм, щIэныгъэмрэ щэнхабзэмрэ я лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм я сурэтхэр лъагэу, ину республикэм и Правительствэм и блыным къытридзэу ящIащ. Апхуэдэт Къалмыкъ БетIал, Мэлбахъуэ Тиморэ, КIуэкIуэ Валерэ, Къанокъуэ Арсен, КIуэкIуэ Юрэ, КIуэкIуэ Казбек, КIыщокъуэ Алим, Балъкъэр Фоусэт, Тхьэгъэзит Зубер, Кулиев Къайсын, Зумакуловэ Танзиля, Шыхъуэ Борис, Губин Геннадий, Федченкэ Людмилэ, Темыркъан Юрэ, Темыркъан Борис, Къардэн Мурат, Мудрэн Беслъэн, Джэду Iэниуар, Хъущт Аслъэнбэч, Тау Хьэсэнбий, Ласицкене Марие, Аккаев Хьэжмурат, Махуэ Билал, нэгъуэщIхэри.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэрыбей щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэри лъэныкъуэ ирагъэзакъым. Зы тэлайкIэ Правительствэм и бжэIупэм Iут колоннэхэр псыкъелъэхэм «щIахъумащ», Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрыммрэ я ныпхэмрэ бгыхэмрэ ахэр «яуфэбгъуащ» - си гугъэмкIэ, мы пщыхьэщхьэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм къыхэнэнущ, и илъэси 100-р къызэрымыкIуэу зэрагъэлъэпIам и щыхьэту.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым щитхащ республикэм и цIыхухэм фIыщIэ зэрахуищIыр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум дахэу зэрыхэтам папщIэ. «Фи Хэкур фIыуэ зэрыфлъагъур, Урысей лъэщымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я тхыдэм пщIэ зэрыхуэфщIыр, зэрыфIэтыр къегъэлъагъуэ республикэм и махуэшхуэр зэрыдэфIыгъам. КъызэгъэпэщакIуэхэми Iуэхум хэта псоми фIыщIэ яхузощI», - щыжыIащ КъБР-м и Iэтащхьэм и тхыгъэм.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**

*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# 0:3-уэ къыхагъащIэ щыхъум...

***«Спартак-Налшык» (Налшык) – «Черноморец» (Новороссийск) - 2:3 (0:1). Налшык. «Спартак» стадион. ФокIадэм и 10. ЦIыху 300 еплъащ.***



● Футбол

**Судьяхэр**: Матвеев (Мэзкуу). Мирошник (Ставрополь). Габагков (Владикавказ).

«**Спартак-Налшык**»: Мицаев, Ольмезов, КIэдыкIуей, Белоусов, Лелюкаев (Мэкъуауэ, 59), Хьэшыр, Торосян (Ашуев, 54), Масленников, Дэхъу (Жангуразов, 63), ЛIуп, ХъутIэ (Топурие, 46).

«**Черноморец**»: Фролкин, Гараев, Хьэгъур, Курбанов (Крюков, 77), Гречкин, Данилин, Магомедов, Антонов (Панамарев, 77), Климов (Будагян, 89), Костюков (Руденкэ, 61), Абакаров (Шихбабаев, 61).

**Топхэр дагъэкIащ**: Магомедовым, 27 (0:1). Абакаровым, 51 (0:2). Руденкэ, 70 (0:3). Топурие, 74 (1:3). Хьэшырым, 90+1 (2:3).

**Дагъуэ къыхуащIащ** Гречкиным, Магомедовым, Будагяным, Фролкиным.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм ипкъ иткIэ, фокIадэм и 10-м «Спартак-Налшыкым» кърихъэблэгъащ очко зэхуэдиз яIэу турнир таблицэм и гъусэу къыщыкIуэ Новороссийск и «Черноморец»-р. Иджырей зэпеуэм и иужь джэгугъуэхэр фIы дыдэу езыгъэкIуэкI налшыкдэсхэм къадэщIхэр мы зэIущIэми текIуэныгъэкIэ фIэкIа пэплъэртэкъым. Абыхэм зы шэчи къытрахьэртэкъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэсищэ зэрырикъур щагъэлъапIэ махуэм ди щIалэхэм тыгъэ лъапIэ къапымыкIыну.

ЗэIущIэм и пэщIэдзэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ хьэщIэхэр гупышхуэу ипэкIэ кIуэтащ. «Черноморец»-м и япэ ебгъэрыкIуэныгъэ шынагъуэм хэту еханэ дакъикъэр екIуэкIыу Антоновыр штрафнойм щихьэм топыр къыIэрыхьащ. Мицаевым хуэзанщIэ щыхъум лъэщу гъуэм еуэну зыкъишэщIащ, арщхьэкIэ ди гъуащхьэхъумэхэм ящыщ зым абы зыкъыпэщIидзэри угловойм игъэкIуащ.

ШыщхьэуIум къигъэлъэгъуа джэгукIэм «Спартак-Налшыкыр» ещхьыжыртэкъым, Хьэлэмэтращи, налшыкдэсхэм ипэкIэ зэрыкIуэтэн жыджэрагъи ядэплъагъуртэкъым.

Ди щIалэхэр апхуэдэу щытыхукIэ Новороссийск къикIа командэм зэманыр пщIэншэу игъакIуэртэкъым. Абыхэм зэIущIэм тепщэныгъэр щаубыдауэ щIэх-щIэхыурэ налшыкдэсхэм я гъуэм екIуалIэрт топ дагъэкIынуи IэмалыфIхэр къызэрагъэпэщырт. Апхуэдэу «Черноморец»-м и зи чэзу ебгъэрыкIуэныгъэм хэту Костюковыр Мицаевым и гъуэм лъэщу еуащ. Ди гъуащхьэтетыр зылъэмыIэсыну топыр пкъом зымащIэкIэ блэлъэтащ.

Куэд дэмыкIыу хьэщIэхэм я гугъуехьым ехъулIэныгъэ къахуихьащ. Япэу налшыкдэсхэм я гъуэм къеуа Антоновыр убыдыпIэншэт – ди гъуащхьэхъумэхэм яблихауэ штрафнойм щихьэм абы топыр Магомедовым и лъэныкъуэмкIэ къыхитащ. Иужьрейр Iэзэу щхьэкIэ кIэлъеуэжри гъуэм и пкъом бгъэдэту ар дигъэкIащ – 0:1.

ЗэIущIэм и бжыгъэр къызэрызэIуахам джэгум и жыджэрагъыр игъэсабыращ. ЩытыкIэм елъытауэ дэтхэнэ зы командэми и джэгукIэм зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэн хуейт.

ЕтIуанэ Iыхьэм «Черноморец»-м и ебгъэрыкIуэныгъэкIэ къыщIидзэжащ. ХьэщIэхэм я футболистхэм ящыщ зыр зэуа топыр зымащIэкIэ гъуэм техуакъым.

Новороссийскдэсхэм я ебгъэрыкIуэныгъэ псынщIэм хэту джэгупIэ губгъуэм икум Абакаровым топыр къыщыIэрыхьащ. ПсынщIэу ди гъуэмкIэ къэзыунэтIа хьэщIэхэм я гъуащхьауэр ди щIалэхэм Iэзэу къапекIуэкIри, Мицаевым гъунэгъу щыхуэхъум, лъэщу топым еуащ икIи ди гъуащхьэтетым пэжыжьэ плIанэпэм дигъэкIащ – 0:2.

ЕтIуанэ топыр къыхудагъэкIа нэужь, «Спартак-Налшыкым» и джэгукIэм зэхъуэкIыныгъэ гуэрхэр щыхэплъагъуэ хъуащ – ебгъэрыкIуэныгъэ шынагъуэхэр къызэрагъэпэщурэ ипэкIэ кIуэтэн хуежьащ. Загъэпсэхуауэ къыщихьэжым джэгум къыхыхьа Топурие зэIущIэм къаруущIэ къыхилъхьат. Апхуэдэу Тамаз штрафнойм щихьэм лъэщу зэуа топыр сантиметр бжыгъэкIэ гъуэм блэлъэтащ.

КъыкIэлъыкIуэ дакъикъэ зыбжанэм зэщхьэщыкIыныгъэр нэхъ мащIэ ящIыжыну IэмалыфIхэр къахукъуэкIат Жангуразовым, Масленниковым, Хьэшырым, арщхьэкIэ абыхэм я ебгъэрыкIуэныгъэхэм хуэфащэн кIэух ирагъэгъуэтыфакъым.

70-нэ дакъикъэр екIуэкIыу «Черноморец»-м контратакэ лъэщ къызэригъэпэщащ. Абы хэту гупышхуэу хэгъэрейхэм я штрафнойм изэрыхьа ди хьэрхуэрэгъухэм къахэжаныкIащ дакъикъипщI ипэкIэ джэгум къыхыхьа Руденкэ. Зэрызехьэм гъуащхьауэм топыр къыхипхъуэтыкIри «Спартак-Налшыкым» и гъуэм къеуащ. Абы хуэмыхьэзыра Мицаевым топыр кърығъэзэну Iэмал иIакъым – 0:3.

Джэгур иухыным дакъикъэ тIощI фIэкIа имыIэжу топищкIэ япэ ища «Черноморец»-м текIуэныгъэр и Iэрылъхьэу къилъытащ икIи я лъэныкъуэмкIэ къикIуэтыжащ. ЩытыкIэр псынщIэ дыдэу къагъэсэбэпащ налшыкдэсхэм.

ДжэгупIэ губгъуэм и кум къыщрагъажьэри «Спартак-Налшыкыр» ипэкIэ кIуэтащ. ХьэщIэхэм я штрафнойм щихьэм Жангуразовым топыр къыхитащ Топурие и лъэныкъуэмкIэ. Тамаз абы щхьэкIэ кIэлъеуэжри, бжыгъэр 1:3-м хуигъэкIуащ.

ЩытыкIэм зыкъезыгъэгъэза хэгъэрейхэм я лъэр нэхъ жан хъуащ икIи жыджэру ипэкIэ кIуатэри «Черноморец»-м и лъэныкъуэмкIэ зыщагъэбыдащ. ЗэIущIэм хухаха зэман нэхъыщхьэм къыщIагъуа дакъикъэхэр екIуэкIыу «Спартак-Налшыкыр» иджыри зэ къыхэжаныкIащ. Ди щIалэхэм я зи чэзу ебгъэрыкIуэныгъэм хэту Жангуразовым топыр хуигъэжащ штрафнойм илъадэ Хьэшырым и лъэныкъуэмкIэ. Алан абы лъэщу еуащ икIи гъуащхьэтетым пэжыжьэ пкъом техуэри, гъуэм дыхьащ – 2:3.

ЗэIущIэм и иужьрей сыхьэт ныкъуэм къагъэлъэгъуа джэгукIэр нэхъапэIуэкIэ къызэкъуахамэ, хэт ищIэрэт кIэух бжыгъэр нэгъуэщIу щытынкIэ хъунущ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, махуэшхуэм хуэфащэн тыгъэ «Спартак-Налшыкым» ищIыфакъым.

ЕтIуанэ лигэм и Япэ гупым и еянэ джэгугъуэм и адрей зэIущIэхэм мыпхуэдэ бжыгъэхэр къарикIуащ: «**ЕсэнтIыгу**» (ЕсэнтIыгу) – **СКА** (Дон Iус Ростов) – **2:2**, «**Кубань-Холдинг**» (Павловскэ) – «**Алания-2**» (Владикавказ) – **2:0**, «**Форте**» (Таганрог) – «**Динамо**» (Ставрополь) – **2:2**, «**Ротор**» (Волгоград) – «**Легион**» (Мэхъэчкъалэ) - **5:1**, «**Мэшыкъуэ-КМВ**» (Псыхуабэ) - «**Чайка**» (Песчнокопскэ) - **0:0**, «**Дружба**» (Мейкъуапэ) - «**Биолог-Новокубанск**» (Прогресс) – **0:1**.

КъыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр «Спартак-Налшыкым» Ставрополь щригъэкIуэкIынущ. ФокIадэм и 18-м ар IущIэнущ абы и «Динамо»-м.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр***

| Командэхэр | Дж. | Къ. | З. | ФI. | Т. | О. |
|---|---|---|---|---|---|---|
| **1. «Ротор»** | **8** | **6** | **1** | **1** | **21-8** | **19** |
| **2. «Чайка»** | **8** | **6** | **1** | **1** | **13-2** | **19** |
| **3. «Биолог-Новокубанск»** | **8** | **5** | **2** | 1 | **12-7** | **17** |
| **4. «Кубань Холдинг»** | **8** | **5** | **0** | **3** | **13-12** | **15** |
| **5. «Черноморец»** | **7** | **4** | **2** | **1** | **10-7** | **14** |
| **6. «Форте»** | **8** | **3** | **3** | **2** | **13-9** | **12** |
| **7. «Спартак-Налшык»** | **8** | **3** | **2** | **3** | **15-11** | **11** |
| 8. СКА | 8 | 2 | 4 | 2 | 7-7 | 10 |
| 9. «Динамо» Ст. | 8 | 1 | 5 | 2 | 5-6 | 8 |
| 10. «Дружба» | 8 | 1 | 3 | 4 | 7-10 | 6 |
| 11. «ЕсэнтIыгу» | 8 | 1 | 2 | 5 | 5-12 | 5 |
| 12. «Алания-2» | 8 | 1 | 2 | 5 | 4-16 | 5 |
| 13. «Легион» | 7 | 1 | 1 | 5 | 5-16 | 4 |
| 14. «Мэшыкъуэ-КМВ» | 8 | 0 | 4 | 4 | 7-14 | 4 |

# Гъуазджэм и гъэлъэгъуапIэ

● Щэнхабзэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу Налшык къалэ къыщызэIуахащ гъэлъэгъуэныгъэхэр щекIуэкI унэ. Ар Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым тетщ, Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ я творчествэм зегъэужьынымкIэ уардэунэм пэмыжыжьэу щытщ.**



«МЫПХУЭДЭ унэр щыIэн хуейуэ жэрдэм къыхэзылъхьахэм япэщIыкIэ ар иджырей гъуазджэм и гъэлъэгъуапIэ хуэдэу къызэрагъэпэщыну траухуат. Ауэ иджы мы унэр гъуазджэм ехьэлIауэ щIалэгъуалэм къыхалъхьэ сыт хуэдэ пэхуэщIэ (проект) гъэщIэгъуэнхэри щагъэлъагъуэ щIыпIэ, абыхэм я зэIущIапIэ хъуну дыщогугъ», – жиIащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, гъэлъэгъуэныгъэхэр щекIуэкIыну унэм епха ухуэныгъэр зи пщэ дэкIари, ягъэнэхуа пIалъэм фIэмыкIыу ар къызэIухыным зи гуащIэ хэзылъхьари Налшык къалэ щIыпIэ унафэр щызехьэнымкIэ и къулыкъущIапIэрщ. «Гъуазджэщым япэу къыщызэIутх гъэлъэгъуэныгъэр ди щIыналъэм и къэралыгъуэр илъэси 100 щрикъум хуэдгъэзащ. Къыхэгъэщын хуейщ мы пэхуэщIэр КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм, республикэм и Лъэпкъ музейм, ГъуазджэмкIэ музейм, Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, я зэдай жэрдэму зэрыщытыр. Гъэлъэгъуэныгъэм щыплъагъунущ XVIII - XIX лIэщIыгъуэхэм адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ ящыгъа фащэхэр, ущрихьэлIэнущ ХьэцIыкIу Мадинэ, Мэзло Руслан, ПIаз Александр, Мокаев Владимир сымэ я IэдакъэщIэкIхэм, ди гъэтIылъыгъэхэм къыхэтха пасэрей Iэщэхэм», – жиIащ Накуэ Феликс.

Апхуэдэу Накуэм и гугъу ищIащ утыку кърахьа дэтхэнэ зы гъэтIылъыгъэми Къэбэрдей-Балъкъэрым хэкурысу щыпсэу лъэпкъитIым – адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ – я щэнхабзэр ихъумэу, абыхэм я лъэпкъыщхьэр иIэту зэрыщытыр. «КъытщIэхъуэ щIэблэм къахуэдгъанэ хъуну хъугъуэфIыгъуэхэр ди мащIэкъым. Уригушхуэ хъуну, бгъэщIагъуэми пхуэмыухыну телъыджэ Iэджэ яхэлъщ абыхэм. Дэ къытхуэнэжыр ахэр дджынырщ, акъылрэ гупсысэрэ къахэтхынырщ, ди гъащIэм хэтпщэу едгъэфIэкIуэнырщ. Лъабжьэ уимыIэмэ, къытепщIыхьыни бгъуэтынукъым. Ди япэ итахэм я Iэдакъэ къыщIэкIа хъугъуэфIыгъуэхэрщ иджырей лъэхъэнэм и гъуазджэ къэгъэщIыгъэхэм жьы къэшапIэу икIи зыужьыпIэу яIэр. Лъэпкъхэм я хуэмэбжьымэ иныр зыхэплъагъуэ иджырей IэщIагъэхэри дунейм и зыужьыкIэм добакъуэ. Си фIэщ мэхъу щIалэгъуалэм я гукъэкIхэм, къыхалъхьэ жэрдэмхэм ди щэнхабзэр ипэкIэ зэрагъэбэкъуэнур, еплъыкIэщIэхэмрэ гъуэгущIэхэмрэ къызэрыщызэIуахынур», – къыхигъэщащ Накуэм.

Гъуазджэм и IуэхущIапIэм щекIуэкI гъэлъэгъуэныгъэм и зы плIанэпэм щызэхуэхьэсащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэралыгъуэр илъэс 60 щрикъум, илъэс 80 щыхъум ирихьэлIэу гъунэгъу щIыналъэхэм къабгъэдэкIа тыгъэхэр. Апхуэдэу мыбдеж щыплъагъунущ Шэшэным, Ингушым, Осетие Ищхъэрэ – Аланием, Дагъыстаным, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгейм, Ставрополь щIыналъэм, Къалмыкъым я лIыщхьэхэм, къэрал къулыкъущIапIэхэм къагъэхьа фарфор хьэкъущыкъухэр, къупщхьэм, абджым, фэм къыхэщIыкIа хьэпшыпхэр, нэгъуэщIхэри. Дэтхэнэ зы теплъэгъуэ цIыкIуми лъэхъэнэм и лъэужьыр ехъумэ, тхыдэм и нэпкъыжьэ ятелъщ.

«Мы гъэлъэгъуэныгъэм щыфлъагъу хьэпшыпхэм ящыщ куэдыр КъБР-м и махуэхэр Мэзкуу щыщекIуэкIкIэ яхьынущ, ар фокIадэм и 18 – 22-хэм Кремлым, ЗэIущIэхэм я уардэунэшхуэм, Иджырей тхыдэм и Музей Нэхъыщхьэм щагъэлъэгъуэнущ. Ди музей IэнатIэм зиужьынымкIэ ар IэмалыфIу зэрыщытри къыхэзгъэщмэ сфIэигъуэт», – жиIащ Накуэ Феликс.

**ШУРДЫМ Динэ.**

**«Дызэщхькъым, ауэ псори дызэхуэдэщ» зыфIаща щIыналъэ проектыр ягъэзэщIэн щIадзэ. Iуэхур зыхуэунэтIар зи ныбжьыр илъэси 10-м къыщыщIэдзауэ 16-м нэс сабийхэр (зи нэм фIыуэ имылъагъухэр) езым я ныбжьхэм спорт IэмалкIэ яхэшэнырщ, гъащIэм зыдрагъэкIуынымкIэ сэбэп яхуэхъунырщ.**

АР къызэзыгъэпэщыр Налшык къалэм и щIыпIэ администрацэм и лэжьакIуэ Иуаз Астемырщ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, Iуэхум текIуэдэну ахъшэр абы къыщихьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэр и дэIэпыкъуэгъуу ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм 2022 гъэм иригъэкIуэкIа зэпеуэм, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм ис ныбжьыщIэхэм я проект нэхъыфIхэр къыхэхыным теухуауэ щытам.

ПэIущIэм спорт Iуэхугъуэ зыбжанэ къызэщIеубыдэ. Нэхъыщхьэ дыдэр - «Ладья» спорт школым шахматхэмкIэ зэхьэзэхуэ къыщызэгъэпэщынырщ.

Псом япэу, фокIадэм и 17-м шахматхэмкIэ дерсхэр

## Сабийхэм ирагъэгъуэт гулъытэ

а IуэхущIапIэм щрагъэкIуэкIынущ. НыбжьыщIэхэм яхуэзэнущ зи Iэпкълъэпкъым сэкъат иIэхэм я деж шахматхэмкIэ 2021 гъэм Урысейм чемпион щыхъуа **Джэдгъэф Чэмал**, шахмат джэгукIэм сабийхэр хуэзыгъасэ, Европэм щекIуэкIа зэпеуэм жэз медалыр къыщызыхьа, шахмат псынщIэу джэгунымкIэ Урысейм и Кубокым и Iыхьэ куэдым я саугъэтыр къэзыхьа **Щыхьмырзэ ФатIимэ**, гъэсакIуэ-егъэджакIуэ, шахматхэмкIэ къалэ, республикэ зэпеуэхэм къыщыхэжанык I **Къудей Руслан** сымэ.

Iуэхум хэтыну гупыж зиIэ псори, я ныбжьым емылъытауэ, ирагъэблагъэ. Абы теухуауэ упщIэ зиIэхэр псалъэ хъунущ 8-903-426-61-25 телефон номерым.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

# Иджырей мардэхэм тету

● ЩIэ

**Шэрэдж районым хыхьэ Аушыджэр къуажэм амбулаторэщIэ щаухуащ. Ар нэгъабэ къыщIадзауэ щытащ «ЦIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щрат IуэхущIапIэхэр 2021 - 2022 гъэхэм къэгъэщIэрэщIэжын» щIыналъэ проектым ипкъ иткIэ. Абы трагъэкIуэда сом мелуан 33-р республикэм къыIэрыхьащ къэрал бюджетым къыхэкIыу.**

МЕДИЦИНЭ IуэхущIапIэм метр зэбгъузэнатIэ 600 еубыд, махуэ лэжьэгъуэм къриубыдэу цIыху 35-м зыхуэныкъуэ Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэфынущ. Къапщтэмэ, амбулаторэм егъэщIылIащ цIыху мини 5-м нэблагъэ. Абы хэтщ терапевтыр, педиатрыр, стоматологыр, гинекологыр, хирургыр щылажьэ, процедурэхэр щрагъэкIуэкI пэш щхьэхуэхэр. Амбулаторэм иIэщ сымаджэхэм махуэм щеIэзэ къудамэ, гъуэлъыпIэ 20 щIэту. ЦIыхухэр зыхуэныкъуэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр мыбы унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ щыхуащIэ IэщIагъэлI 30-м. КъыхэгъэщыпхъэщI IуэхущIапIэм и медицинэ лэжьакIуэхэр щIыпIэм зэрыщыщыр, абыхэм я нэхъыбэр IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэу зэрыщытыр.

Амбулаторэр сыт и лъэныкъуэкIи иджырей мардэхэм хуокIуэ, ар интернетым пыщIащ, зыхуэныкъуэ медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщащ, иджыри зыбжанэ къаIэрыхьэну поплъэ. Пэшхэм псори унэлъащIэ тыншхэр щIагъэуващ.

Шэрэдж район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Рахаев Аслъэн къызэрыхигъэщамкIэ, IуэхущIапIэм иIэщ езым и санитар транспорт. Ар КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и унафэкIэ къаIэрыхьауэ щытащ.

- Республикэм и Iэтащхьэр районэм къыщыкIуам, зригъэлъэгъуат 1937 гъэм яухуауэ щыта амбулаторэр. Шэч хэмылъу, районым и къуажэ нэхъ ин дыдэр медицинэ IуэхущIапIэщIэ хуэныкъуэт икIи абы щыгъуэм цIыхухэм я узыншагъэр хъумэн IэнатIэр къэгъэщIэрэщIэжынымкIэ программэм ар хагъэхьауэ щытащ. Къуажэдэсхэм я мызакъуэу, амбулаторэм япэ медицинэ Iуэхутхьэбзэхэр щагъуэт Аушыджэр и псы хуабэхэм зыщызыгъэпсэхухэми. Абыхэм, псоми зэрытщIэщи, я нэхъыбэр уз гъэтIылъа зэхуэмыдэхэр зиIэхэрщ. Республикэм и къуажэхэм къищынэмыщIауэ, абы къокIуэ гъунэгъу хэгъэгухэми къикIыурэ. Иджырей мардэхэм тету, тыншыпIэ псори иIэу яухуа амбулаторэм, шэч хэмылъу, цIыхухэм щагъуэтынущ фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэхэр», - жиIащ Рахаев Аслъэн.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкlэмыхъу Маринэ (унафэщI-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщI-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.



ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19;
унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33;
жэуап зыхь секретарым - 42-22-82;
секретариатым - 42-22-66.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ
ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.777
Заказыр №1835
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
*жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ* **ДыщэкI Соня**, *корректорхэу* **Елмэс ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.)*
*КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ,.**
*Сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.